

- Bonjour Antreprenè. Chè Antreprenè – Nou kontan wè nou tout isit la nan Okay aswè-a.
- “Toupatou nan lemond, antreprenè ap revolisyone ekonomi, epi amelyore sosyete nou yo. Se pawòl Madam Yvanka Trump te di lè li te patisipe nan dènye Somè Mondyal ki te òganize sou kesyon antreprenarya. Pawòl sa yo fè anpil sans pou mwen lè m’ap gade kontribisyon antreprenè yo ap pote chak jou isit-la nan vil Okay tankou toupatou nan peyi Dayiti.
- Èske nou te konnen ke antrepriz mwayen yo ak ti antrepriz yo se potomitan ekonomi amerikèn nan? Yo reprezante plis pase 99% antrepriz amerikèn yo, epi yo anplwaye 48% fòs travay la.
- Peyi Etazini rekonèt valè antreprenè yo nan ekonomi mondyal la. Nan regyon emisfè sa-a, nou fyè dèske nou sipòte Inisyativ Jèn Lidè Amerik-la, ki rele YLAI. YLAI konekte jèn lidè yo ant yo menm. Pwogram YLAI-la bay antreprenè yo fòmasyon, zouti, rezo ak resous yo bezwen pou transfòme antrepriz yo, epi pou kontribiye pi plis nan devlopman ekonomik ak pwosperite. Gen de moun nan panèl ki pral fè prezantasyon pou nou yo ki te patisipe nan pwogram YLAI-la. Nou fyè dèske gen dè milyè Ayisyen ki aktif sou rezo YLAI-la. Genyen nan nou ki te dekouvri pwojè TechCamp Okay la atravè rezo sila-a. Mwen envite nou tout al enskri depi wikenn lan.
- An Ayiti, nou sipòte antreprenarya ak pwogram vityèl ke nou pataje atravè GIST, nou sipòte Chanm Komès Fanm Antreprenè Dayiti, Kafedore, ak dezyèm Somè Tech Haiti ki gen pou òganize nan mwa jen.
- Jodi-a, nou felisite nou dèske nou vle devlope antrepriz nou yo, epi dèske nou vle gen plis konesans sou nouvèl teknoloji yo. Pwojè TechCamp yo se yon seri pwojè ki kreye pou chache repons pou bezwen nou genyen yo. Nou apresye dèske nou te pran tan pou reponn

kesyonè a. Sa te ede nou lanse pwosesis la. **Mwen wè gen anpil opòtinite pou jèn antreprenè nan vil Okay e nan tout zòn Sid-la. Mwen kontan rankontre yon seri antreprenè ki gen detèminasyon, ki gen anpil enfliyans, epi k'ap chèche ranfòse konesans yo sou fason yo ka devlope antrepriz yo pi plis epi kontribiye nan ekonomi kominote yo ak peyi yo.**

- Nou kontan dèske nou te fè yon patenarya ak yon gwoup antreprenè eksepsyonèl ki te pwopoze tèt yo pou travay kòm volontè nan enterè nou. Yon bagay nou tout kwè ladan'l sè ke ansanm nou pi fò. Chak moun nan sal la gen yon wòl enpòtan pou'l jwe nan ekosistèm rejyon Sid yo. Mwen ta renmen mande chak moun mwen pral site non yo la pou yo vini jwenn mwen pou nou montre yo rekonesans ak apresyasyon nou pou kontribisyon yo pote nan pwojè TechCamp Okay-la.

M. le Maire Jean-Gabriel Fortuné

M. Pierre Antoine Borgas, Prezidan Chanm Komès

M. Paul Touloutte, Reprezantan Provost, American University of the Caribbean

M. Alex Nana Sinkam, Reprezantan IDEo, San Francisco

M. Carel Pedre, Chokarella

M. Marc Alain Boucicault, Banj

Mme. Christine Souffrant Ntim, Fondatè Vendedy

M. Makendy Smith, Fondatè Mak Pa Nou, ansyen patisipan YLAI

Mme. Daniella Jacques, Fondatè Dofen News ak Chanm Komès Fanm Antreprenè Dayiti

M. Wanborch Bastien, PC Express

M. Miguelito Jerome, Fondatè 500Gourdes.com, ansyen patisipan YLAI

Mme. Shaina Silva, Reprezantan Google

Mme. Naisha Silva, Manm Konsèy Ekzekitif Haiti Tech Summit

et **M. Noab Sanon**, Reprezantan Surtab

- Ansanm, nap lanse ofisyèlman TechCamp Okay. Eksplore, pataje youn ak lòt weekend sa- Nou swete ke tout mounn reyisi lan antrepriz yo.